

## Kenbe Kat eWIC ak PIN ou ansekirite

### Swen Kat eWIC

- Kenbe kat eWIC ou yon kote ki ansekirite, tankou nan bous oswa valiz.
- Kenbe kat eWIC ou pwòp, andeyò limyè solèy, ak lwen leman ak aparèy elektwonik.

### Sekirite PIN

- Pa pataje PIN ou avèk okenn moun.
- Si yon moun jwenn kat eWIC ou epi li konnen PIN ou, yo ka itilize benefis ou. Nou pa p ranplase benefis sa yo.

### Ranplasman Kat PIN / eWIC

- Si ou bliye PIN ou, rele Sèvis Kliyan eWIC ou nan 1-855-250-8945 pou chanje l.
- Si ou pèdi, oswa yo vòlè oswa andomaje kat eWIC ou, rele Sèvis Kliyan eWIC nan 1-855-250-8945.
- Pou w jwenn yon kat ranplasman eWIC, vizite klinik WIC lokal ou oswa rele 1-800-437-9300 pou yo kapab ranplase kat eWIC ou.

### Kisa kap pase si mwen bliye PIN mwen oswa mwen rantre l mal?

- Si ou antre PIN ou mal kat fwa youn dèyè lòt, nap bloke kat eWIC ou an jiska minwi. Ou ka chanje PIN ou lè ou rele Sèvis Kliyan eWIC si ou bezwen reyajiste PIN ou, kat eWIC ou ap debloke otomatikman a minwi, men, wap toujou bezwen konnen PIN ou pou kapab itilize kat eWIC ou.

## Aplikasyon Achte WIC



Eskane kòd sa a  
pou aplikasyon  
achte WIC.



1. Telechaje Aplikasyon Achte WIC
2. Chwazi Maine kòm founisè WIC ou
3. Avèk aplikasyon an ou kapab:
  - [Eskane bakòd la oswa antre kle](#) UPC, pou wè si yo otorize yon atik
  - Rapòte yon atik ki pa figire sou lis manje oupanse ki ta dwe apwouve
  - Gade lis Manje WIC Maine
  - Jwenn nouvo [lide resèt pou itilize](#) manje WIC ou apwouve
  - Dekouvri ti konsèy a ba pri ak teknik pou itilize manje WIC

\*WIC Shopper bezwen aksè entènèt (done selilè oswa wifi)

Si ou gen kesyon? Kontakte klinik lokal WIC ou oswa vizite [website at www.maine.gov/WIC](http://www.maine.gov/WIC) nan 1-800-437-9300



Enstitisyon sa a se yon founisè opòtinite egal.



## Byenvini nan eWIC, yon fason ki pi fasil ak rapid pou achte!



- Avèk eWIC, yap mete benefis WIC kay ou sou kat eWIC ou nan biwo WIC ou.
- Yap ba ou yon lis manje w avèk dat kòmansman ak fen peryòd benefis ou.
- Ou pral itilize kat ME eWIC ou pou achte manje WIC ou apwouve nan episri otorize ME WIC.

Eskane kòd sa yo pou aprann plis sou eWIC



## An nou Kòmanse

Anvan ou ka itilize kat Maine eWIC ou, ou dwe chwazi yon Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl 4-chif (PIN).

Tanpri swiv enstriksyon sa yo:

- Rele nimewo telefòn ki sou do kat eWIC ou
  - Antre nimewo kat aktyèl ou ki devan kat ou an
  - Antre dat nesans ou tankou 2 chif pou mwa, 2 chif pou jou, ak 4 chif pou ane
  - Antre kòd postal aktyèl ou Antre yon nimewo PIN 4 chif pèsonalize ou kapab sonje
  - Re-antre nimewo PIN 4 chif pèsonalize w pou konfime

### Rele Sèvis Kliyan eWIC

Pou verifiye balans benefis ou, istwa acha, ak enfòmasyon kont ou :

Rele nimewo Sèvis Kliyan eWIC gratis 24/7 nan: 1-855-250-8945

Ou dwe gen kat Maine eWIC ou avèk ou nan episri pou itilize benefis WIC ou

## Konsèy Itil

- Ou ka itilize kupon ak òf “BOGO” pou atik ou WIC apwouve. Asire ou genyen yo sou lamèn avèk ou lè yap eskane atik WIC apwouve yo kidonk yo ka aplike.
- Gen kèk episri alimantè ki ofri opsyon “rekonpans lajan kach” chak trimès. Pou asire ke yo aplike montan lajan sa a komsadwa, separe acha regilye ou yo avèk WIC. Sa a pral asire ke yo aplike rekonpans lajan kach la sou atik yo ki pa manje WIC.

## Konprann Benefis ou yo

Benefis ou yo ap vin disponib nan dat Benefis la kòmanse nan 12:00 a.m. e lap fini nan 11:59 p.m nan dat Benefis la fini. YO PA transfere benefis ki pa itilize a nan pwochen peryòd benefis la.

Ou ka itilize kat ou kèlkeswa kote yo aksepte Maine eWIC.

## Kijan pou Achte Manje WIC

- Konnen balans benefis manje WIC ou lè ou ale nan episri alimantè.
- Chwazi manje WIC ou lè ou itilize balans benefis kay ou ak Lis manje ME WIC apwouve.
- Si ou genyen plis pase 50 UPC endividyèl nan kòmman WIC ou, wap bezwen pou separe atik WIC yo de lòt acha yo.
- Kesye a ap eskane atik manje WIC yo.
- Toujou itilize kat eWIC kòm premye metòd peman w.
- Glise kat eWIC lè li parèt sou pad PIN lan epri antre nimewo PIN kat chif ou an.
- Revize resi racha mi-tranzaksyon ke kesye a te ba ou. Asire ke manje WIC ou te peye avèk kat eWIC la endike sou resi racha
- Peze “Wi” pou aksepte tranzaksyon an, oswa “Non” si manje ou panse ou ta pral peye avèk kat eWIC la pa t liste. Ou ka retire nan kòmman ou atik ou ka peye avèk kat eWIC la, oswa ou kapab peye pou yo avèk yon lòt metòd peman (egzanp., benefis SNAP, kat debi, kredi, oswa lajan kach).
- Pran kat ak resi ou an.
- Kenbe resi final ou an – lap montre benefis manje ou rete pou mwa a, e li nesèsè pou bay biwo WIC ou an si ta gen pwoblèm ki rive.

## Li Resi w

Resi kès ou an ap montre lis atik manje WIC ou te achte, rès manje yo ak dat ekspirasyon pou benefis ou. Men yon egzanp:

ABC Market  
1 Main Street  
Anywhere, USA 12345  
Ph: (123) 456-7890  
Store ID: WICW006

Term ID: WIC006001  
Clerk ID: 999 10:10:01am

Card Num: XXXXXXXXXXXXX5678 Auth #: 123499  
WIC Merchant ID: XXXXXXXX Seq #: 034  
Settlement Date: 03/01

**WIC Purchase**

Qty	Units	Description	Price
18.00	oz	Cheerios 18 oz.	4.99
2.50	\$\$\$	Fruits & Veg	2.50
-----			
TOTAL ITEMS SOLD = 2			
\$2.50 - Fruits & Veggies			
-----			
PURCHASE SUBTOTAL			7.49
DISCOUNT APPLIED			0.00
-----			
APPROVED PURCHASE TOTAL			7.49
-----			
BALANCE DUE: 0.00			
<b>BENEFITS EXPIRE ON 3/31/2018</b>			
Qty	Units	Description	
-----			
1.00	pkg	16oz Pkg Cheese	
1.00	doz	Dozen Large Eggs	
18.00	oz	Ounces Cereal	
2.00	pkg	18oz PnutBtr/DryBeans	
1.00	pkg	16oz Bread/Whole Grain	
3.00	gal	Gallon 1% Fat Free Milk	
1.00	qt	Qts 1% Fat Free Milk	
2.00	cont	64oz Bottle 100% Juice	
5.50	\$\$\$	Fruits & Veg	
-----			
****CARDHOLDER COPY****			
****PLEASE SAVE THIS RECEIPT****			

